

# DISTRI ESKOLÈ SANTRAL EAST RAMAPO

"Yon kominote ki ini pou edike timoun lan nan tout dimansyon li"

EDISYON POU BIDJÈ • PRENTAN 2022

## Nou Pwograme pou Revote Bidjè a 21 jen 2022

YON MESAJ PREZIDAN AK DIREKTÈ KONSÈY ADMINISTRASYON LEKÒL LA VOYE POU OU

Chè Kominote East Ramapo an,

Madi 21 jen, nou pral mande rezidan yo pou yo apwouve yon bidjè revize pou ane akademik 2022-23 a.

Ak ti modifikasyon nan plan fiskal la nou te prezante bay elektè yo 17 me, bidjè revize Distri Eksolè East Ramapo a balanse bezwen pou kontribyab pandan y ap kenbe bon kalite pwogram edikasyon ak sipò pou elèv yo. Bidjè yo Pwopoze an se rezilta yon kokennchenn travay ak yon devouman pou yon apwòch ki respekte fiskalite pou vanse ak distri lekòl nou a nan yon peryòd rekonstriksyon ak redevlopman.

Komite Edikasyon an toujou rekonèt chay fiskal sou kominote a, epi li te bese prelèvman taks yo pwopoze a pou li monte de 3.96% a 1.63% se nan limit bouchon prelèvman taks Eta New York la. Plan depans lan reprezante yon **rediksyon** 4.96% nan bidjè an pa rapò ak ane pase.

Nan non Komite Edikasyon an ak administrasyon an, nou remèsye ou pou sipò ou toujou ban nou. Tanpri voye **madi 21 jen** pou asire timoun nou yo gen zouti ak opòtinite yo bezwen pou yo reyisi.

**Yehuda Weissmandl**

Prezidan Konsèy Edikasyon an

**Doktè Clarence G. Ellis**

Superintendent of Schools

### REZIME BIDJÈ KI PWOPOZE POU PERYÒD 2022-23 AN

Bidjè yo Pwopoze an:



**258,944,880\$**

Chanjman Bidjè nan Bidjè:

**-4,96%**

Ogmantasyon nan Taks yo Prewwa:

**1,63%**



**REVOTE: MADI 21 JEN 2022 • 7:00 A.M. - 10:00 P.M.**

# Avi sou Bidjè Distri Eskolè East Ramapo Central School District an pou peryòd 2022-23

PWOPOZISYON BIDJÈ JENERAL	Bidjè ki aksepte pou Ane Eskolè 2021-22 an	Bidjè ki aksepte pou Ane Eskolè 2022-23 an	Bidjè Sekou pou Ane Eskolè 2022-23 an*
Montan Total ki nan Bidjè an, San Pwopozisyon Separe yo	\$ 272,449,633	\$ 258,944,880	\$ 256,421,500
Ogmantasyon/Rediksyon pou Ane Eskolè 2022-23 an		\$ -13,504,753	\$ -16,028,133
Ogmantasyon/Rediksyon Pousantaj nan Bidjè yo Pwopoze an		-4.96%	-5.88%
A. Prelèvman Taks ki Pwopoze an Pou Sipòte Montan Total ki nan Bidjè an	\$ 154,490,227	\$ 157,013,606	\$ 154,490,227
B. Prelèvman pou Sipòte Dèt Bibliyotèk, si li aplikab	\$ 0	\$ 0	
C. Prelèvman pou Pwopozisyon ki Pa Kapab Ekskli yo, si sa Aplikab **	\$ 0	\$ 0	
D. Montan Total Rezèv Limit Fiskal la yo Itilize pou Redui Prelèvman pou Ane Aktyèl la	\$ 0	\$ 0	
E. Prelèvman Total Taks yo Pwopoze pou Ane Eskolè an (A + B + C - D)	\$ 154,490,227	\$ 157,013,606	\$ 154,490,227
F. Eksepsyon ki Otorize pou Limit Prelèvman Taks Eskolè yo	\$ 2,590,102	\$ 2,735,17	
G. Limit Prelèvman Taks Eskolè, San Prelèvman pou Eksepsyon Otorize yo	\$ 156,023,654	\$ 157,878,314	
H. Prelèvman Taks Total yo Pwopoze pou Objektif Eskolè yo, San Eksepsyon Otorize yo ak Prelèvman pou Dèt Bibliyotèk, Plis Ansyen Rezèv Limit Fiskal Anyèl la (E - B - F + D)	\$ 151,900,125	\$ 154,278,428	
I. Diferans: (G - H); (Valè Negatif la Egziye Apwobasyon 60.0% moun k ap vote yo - Ale Gade Nòt Ki Pi Ba an Konsènan Pwopozisyon Separe yo)**	\$ 4,123,529	\$ 3,599,886	
Eleman Administratif	\$ 30,004,655	\$ 23,550,476	\$ 23,550,476
Eleman Pwogram lan	\$ 194,762,419	\$ 208,285,141	\$ 208,285,141
Eleman Kapital	\$ 47,682,559	\$ 27,109,263	\$ 24,585,883

\* **Deklarasyon sipozisyon ki fèt nan kad pwopozisyon yon bidjè sekou pou ane eskolè 2022-23 an, si tout fwa yo ta rejte bidjè ki pwopoze an: Rediksyon nan kèk depans administratif, edikatif ak lòt depans**

## Nan Kad Bidjè ki aksepte pou Ane Eskolè 2022-23 an

**Ekonomi yo Estime pou Franchiz Debaz STAR lan<sup>1</sup>:**

784\$

Vòt pou bidjè anyèl pou ane fiskal 2022-2023 moun ki kalifye pou vote yo nan Distri Eskolè Santral East Ramapo an ki chita kò l nan Rockland County, New York, ap fèt nan kote nou pral site yo: Sektè 1 Lekòl Elemantè Summit Park; Sektè 2 Sant Kominotè Pascack, Sektè 3 Lekòl Segondè Spring Valley, Sektè 4 Lekòl Entèmedyè Chestnut Ridge, Sektè 5 Yeshiva Viznitz, Sektè 6 Lekòl Elemantè Elmwood, Sektè 7 Lekòl Segondè Ramapo, Sektè 8 Lekòl Entèmedyè Pomona ak Sektè 9 Lekòl Elemantè Lime Kiln.

<sup>1</sup>Se atik 425 nan Lwa pou Taks sou Pwopriyete Reyèl la ki otorize franchiz pou taks eskolè debaz la (STAR).

## Sou Bilten Vòt la

**PWOPOZISYON #1: BIDJÈ 2022-23:** Èske yo dwe aksepte Bidjè Anyèl Distri Eskolè an, jan yo pwopoze l la, ak montan 258,944,880\$ an epi èske dwe gen yon prelevman taks?



To learn more about the 2022-23 proposed ERCSD budget visit [www.ercsd.org/budgetrevote2022](http://www.ercsd.org/budgetrevote2022) or **SCAN HERE.**


Para obtener más información sobre el presupuesto propuesto de ERCSD para 2022-23, visite

[www.ercsd.org/budgetrevote2022](http://www.ercsd.org/budgetrevote2022) o escanee aquí.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou bijè ERCSD ki pwopoze pou 2022-23 a, ale sou [www.ercsd.org/budgetrevote2022](http://www.ercsd.org/budgetrevote2022) oswa eskane la.

צו לערנען מער איבער די 2022-23 פארגעשלאגענע ERCSD בודזשעט, באזוכט [www.ercsd.org/budgetrevote2022](http://www.ercsd.org/budgetrevote2022) אדער סקענט דא





**EAST RAMAPO  
BOARD OF EDUCATION**

Yehuda Weissmandl, *President*  
Sabrina Charles-Pierre,  
*Vice-President*  
Mark Berkowitz  
Harry Grossman  
Simon Koth  
Ashley Leveille  
Sherry McGill  
Shimon Z. Rose  
Ephraim Weissmandl

Dr. Clarence G. Ellis  
Superintendent of Schools

Published by the East Ramapo Central  
School District in cooperation with the  
Rockland BOCES Communications Service.

**East Ramapo Central School District**  
105 South Madison Avenue  
Spring Valley, NY 10977

PRSRT  
FIRST-CLASS MAIL  
U.S. POSTAGE  
**PAID**  
MONSEY, NY 10952  
PERMIT NO. 7025

**T I M E - D A T E D   D O C U M E N T**

## ★ Revote Bidjè Jen 2022 East Ramapo a

### Ki moun ki ka vote?

Fòk ou se yon sitwayen, ki gen 18 lane oswa plis, ki abite nan Distri a depi omwen 30 jou anvan dat 21 jen 2022 a, epi ki enskri pou l vote. Si ou te vote nan yon eleksyon ki te fèt nan lekòl oswa nan yon eleksyon jeneral pandan mwa novanm, nan kat ane ki sot pase yo, ou pa bezwen enskri ankò.

### Enfòmasyon pou moun k ap voye yo

Gade [ercsd.org/budgetrevote2022](http://ercsd.org/budgetrevote2022) pou jwen plis enfòmasyon pou revote, vote pa korespondans, ak vòt pou militè. Gade [rocklandgov.com](http://rocklandgov.com) pou w ka wè fòmilè enskripsyon elektè Rockland County yo.

### Enfòmasyon sou sikonskripsyon an

Dapre dekrè tribinal federal la, Distri a gen 9 sikonskripsyon. Gade [ercsd.org/budgetrevote2022](http://ercsd.org/budgetrevote2022) pou w ka jwenn sikonskripsyon, kat jewografik ak enskripsyon elektè yo. Si w toujou abite nan adrès ki anrejistre a, jan w parèt sou devan kourye lapòs sa a, w ap vote nan katye ak biwo vòt yo montre sou tèt adrès ou a. Si w te kite adrès la, men w toujou rete nan distri a, ale sou [ercsd.org/budgetrevote2022](http://ercsd.org/budgetrevote2022).

### REVOTE BIDJÈ JEN 2022 A

- Lokal biwo vòt yo louvri soti 7 a.m. rive 10 p.m. madi 21 jen 2022 pou elektè k ap vote an pèsòn yo.  
**Elektè yo DWE vote nan lokal biwo vòt sikonskripsyon yo, jan yo enprime l sou tèt adrès ou nan kourye lapòs sa a.**
- Dènye dat enskripsyon elektè yo nan biwo Grefye Distri a se 14 jen 2022.
- Yo voye bilten vòt yo pa lapòs bay elektè ki anrejistre kòm andikape pèmanan nan Konsèy Elektoral Rockland County yo. Lòt elektè yo dwe soumèt yon fòmilè demann bilten vòt pa korespondans ki siyen. Dènye dat pou w mande pou w voye yon bilten vòt pa korespondans tounen pa lapòs se madi 14 jen 2022. Dènye dat pou w mande pou yo vin chèche yon bilten vòt pa korespondans se Lendi 20 jen 2022.
- **Biwo Grefye Distri a dwe resevwa tout bilten vòt pa korespondans yo anvan 5 p.m. madi 21 jen 2022 pou yo ka konte yo.**

**Ale sou [ercsd.org/budgetrevote2022](http://ercsd.org/budgetrevote2022) pou w ka jwenn enfòmasyon pou elektè yo**